

# Ki Kote Pou w Ale lè w bezwen Èd

## Lapolis Medford

Rele nimewo 911 pou ijans

Rele: 781-395-1212  
si se pa ijans

## KONSEY 411

Rapòte krim ak aktivite dwòl  
san bay non w bay lapolis,  
Voye yon tèks pou "Medford" ak  
mesaj ou a  
bay nimewo 847-411.

## Komite Medford pou Dwa Moun

781-395-1212

## Biwo Majistra a

781-393-2408

*"Vil Medford ak Depatman  
Lapolis la angaje ansanm  
pou fè pwomosyon sekirite  
pou tout moun epi ofri sèvis  
bay manm kominote a. Tout  
moun k ap viv nan kominote  
a ansanm ak otorite konnen  
yo dwe chèche asistans  
Lapolis epi y ap jwenn li pou  
pwoteksyon yo kèlkeswa  
kondisyon estati imigrasyon  
yo oswa dokiman yo  
genyen."*

--Lapolis Medford

# Lapolis Medford ak Imigran



Medford,  
Massachusetts

# Politik Lapolis Medford sou aksyon Imigrasyon Federal Ia

1

Lapolis pa pral mande w kondisyon estati w oswa dokiman imigrasyon ou.

2

Lapolis pa pral arete sou demand yon ajan imigrasyon

3

Lapolis pral ede imigran ki viktim krim si li genyen yon « U-visa »

4

Lapolis pa pral konsidere kondisyon estati imigrasyon w lè w fè rapò oswa pou ede w

5

Lapolis ap travay ak “ICE” epi lòt ajans federal yo nan envestigasyon kont krim ak lòt menas piblik

## Lè W Ap Kondwi Ak Yon Lisans Etranje

Nan Massachusetts, yon lisans etranje pèmèt kondwi legalman pandan yon sèl ane ak li. Si lapolis ta rete w epi ou moutre yo lisans etranje a, yo pral mande w depi konbyen tan ou Ozetazini. Yo kapab mande w pou paspò w ak nenpòt lòt dokiman ki kapap montre ki dat ou antre Ozetazini.